**दिन—मंगलवार** **दिनांक—18.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ वाराणसी सँ किसान सम्मान निधिक अंतर्गत करीब नओ करोड़ छब्बीस लाख लाभार्थी किसानक मध्य बीस हजार करोड़ टाका सँ बेसी राशि वितरित कयलनि। प्रत्यक्ष लाभ अंतरनक माध्यमे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधिक अंतर्गत किसान लोकनि के भेटयवला ई सत्रहम किस्त अछि। वाराणसी मे आयोजित कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री कृषि सखीक रूप मे स्व—सहायता समूहक तीस हजार सँ बेसी महिला के प्रमाण—पत्र सेहो देलनि। प्रमाण—पत्र वितरणक ई कार्यक्रम लखपति दीदी कार्यक्रमक उद्देश्यक अनुरूप अछि। तेसर बेर प्रधानमंत्री बनलाक बाद नरेन्द्र मोदी आइ पहिल बेर वाराणसी पहुँचल छथि। कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री कहलनि जे जनताक संकल्प के पुरा करबाक प्रयास जारी रहत। प्रधानमंत्री काल्हि बिहार सेहो आबि रहल छथि। एहि ठाम ओ राजगीर मे नालंदा विश्वविद्यालय परिसरक उद्घाटन करताह। संगहि, नालंदा मे प्राचीन भग्नावशेषक अवलोकन सेहो करताह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ग्राम पंचायत प्रमुख लोकनि सँ योग आ मोट अन्नक विषय मे जागरूकता आनि सम्रग स्वस्थ्य लेल एक जन आंदोलन बनेबाक आग्रह कयलनि अछि। प्रधानमंत्री ग्राम प्रधान लोकनि के लिखल पत्र मे कहलनि अछि जे पंचायत परिसर, स्कूल, आंगनबाड़ी, सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र पर योग आधारित कार्यक्रम आयोजन लोक के आ विशेष कऽ युवा लोकनि के स्थायी तनाव मुक्त जीवन शैली अपनेवाक लेल प्रेरित करत। दसम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस लेल ग्राम पंचायत सभक निवासी के शुभकामना दैत श्री मोदी एहि आयोजन के योगक वैश्विक प्रभाव तथा लोकक जीवन पर एकर साकारात्म असरि के प्रमाण जनौलनि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक विषय थीक— **स्वयं आ सामाज लेल योग**।

---

जनता दल यूनाईटेडक वरिष्ठ नेता आ प्रदेशक मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे बिहार मे नोकरी देबाक काज सात निश्चय दू योजनाक अंतर्गत एनडीए सरकार शुरू

कयने छल। एकर श्रेय मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के जाइत छनि। विदित अछि जे काल्हि मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सात निश्चय योजनाक दोसर चरणक अंतर्गत प्रदेश मे पांच लाख सत्रह हजार युवा के एक सालक भीतर सरकारी नोकरी देबाक आ एगारह लाख लोक के रोजगार उपलब्ध करेबाक लेल अधिकारी लोकनि संग समीक्षा बैसार कयलनि।

———————————————————————

राज्य सरकार नियुक्ति परीक्षा मे प्रश्न—पत्र लीक सहित आनो अनियमितता के रोकबाक लेल जल्दीए नव कानून लाओत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि संबंध मे अधिकारी लोकनि के निर्देश देलनि। कानूनक प्रस्ताव आगामी विधानसभा सत्र मे लाओल जायत। कानूनक उद्‌देश्य नियुक्ति लेल आयोजित परीक्षा मे पारदर्शिता बनौने रखबाक अछि।

———————————————————————

बिहार विभूति डॉक्टर अनुग्रह नारायण सिंह के आइ हुनक जयंती पर श्रद्धापूर्वक नमन कयल गेल। बिहार विधानमंडल परिसर मे आयोजित राजकिय समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विधानसभाक अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव सहित आनो गणमान्य लोक हुनका पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

राजद नेत्री बीमा भारती रूपौली विधानसभा उपचुनाव मे राष्ट्रीय जनता दलक उम्मीदवार हेबाक दावा कयलीह अछि। बीमा भारती आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे एहि लेल राजद प्रमुख लालू प्रसाद सँ हुनका आशीर्वाद भेट गेल छनि।

———————————————————————

ऑल इंडिया स्टुडेन्ट एसोसिएशन, आइसा ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय सँ बीएड प्रवेश परीक्षाक तिथि बदलबाक आग्रह कयलक अछि। आइसा नेता प्रिंस राज दरभंगा कहलनि जे बीएड प्रवेश परीक्षा आ सीएसआईआर नेट परीक्षा एकहि दिन पड़ि रहल अछि, तैं मिथिला विश्वविद्यालय के बीएड प्रवेश परीक्षाक नोडल विश्वविद्यालय हेबाक कारणे बीएड प्रवेश परीक्षाक तिथि मे परिवर्तन करबाक चाही।

———————————————————————

प्रदेशक दक्षिणी क्षेत्र मे भीषण गर्मी आ लू चलबाक कारणे जन–जीवन अस्त–व्यस्त भेल अछि। अस्पताल सभ मे लू प्रभावित मरीजक संख्या लगातार बढ़ि रहल अछि। आपदा प्रबंधन विभाग भीषण गर्मी आ लू सँ बचबाक लेल दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। अधिकांश ठाम अधिकतम तापमान चालीस सँ पैंतालीस डिग्री सेल्सियसक मध्य बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे औरंगाबाद राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल जतऽ, अधिकतम तापमान छियालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान एकतालीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ सत्रह जिला मे लू चलबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। अगिला दू–तीन दिन मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि हेबाक संभावना अछि। एकर बाद अधिकतम तापमान मे तीन सँ पांच डिग्री सेल्सियस कमी भऽ सकैत अछि।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।